Ассаламу гІалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 12-13 (9838-9839) | 3 март | Рузман | 2017сон

# БАРКУЛА ЦІИЯБ ХЪУЛУХЪ!



Дагъистаналъул Республикаялъул БетІерасул Указалда рекъон 15 февралалъ СагІдуев Юнус МухІамадович тІамуна Дагъистаналъул финансазул Министрасул ишал тІуразарулевлъун.

Юнус СагІадуев гъавуна 1954 соналъул 14 октябралъ нилъер районалъул РахатІа росулъ.

Школа лъугъун хадув 1972 соналъ ана армиялде.

1992 соналъ цІалун лъугІизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университет ва щвана экономистасул махщел. 1975-1983 соназ хІалтІана ДАССРалъул Минфиналъул бюджеталъулаб отделалда кІудияв экономистлъун.

1990-1992 соназ тІамуна гьебго отделалъул начальниклъун ва министрасул заместителасул ишал тІуралевлъун, 1992-1999 соназ - территориял бюджетазул финансированиялъул отделалъул начальниклъун, 1999-2006 соназ -Минфиналъул бюджеталъулаб управлениялъул начальниклъун, 2006-2007 соназ -Минфиналъул финансазулабгун-бюджеталъул надзоралъул управлениялъул начальниклъун. 2009 соналдаса нахъе гьанжелъизегІан Юнус вукІана министрасул заместительлъун.

ТІад къараб хІалтІи жавабчилъигун ва ракІбацІцІадго гьабулев Юнус СагІадуев мустахІикълъана "За заслуги перед Отечеством" 2 абилеб даражаялъул орденалъе, Дагъистан Республикаялъул ХІурматияб грамотаялъе ва г ь.ц. шапакъатазе.

Гьединго гьев мустахІикълъана, "Заслуженный экономист Российской Федерации" ва "Заслуженный экономист Республики Дагестан" цІаразеги.

Юнус вуго экономикиял гІелмабазул кандидатги.

Юнусил йиго чІужу ва анлъго лъимер.

Баркула Юнус МухІамадовичасда гьеб даража тІадегІанаб хъулухъ, гьарула гьесие сахлъи, хъизаналъулаб талихІ ва хІалтІулъ икъбал.

## 2017 сон - «Экологиялъул Сон»

# ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЭКОЛОГИЯЛЪУЛ ПРОБЛЕМА ЛЪИМАЛАЗУЛ БАДИСА




28 февралалъ МахIачхъалаялда цIалдохъабазул Республикаялъулаб эколого-биологиялъулаб централда тIобитIана «Дагъистаналъул экологиялъул проблемаби лъималазул бадиса» абураб экологиялъул Соналда хурхараб Республикаялъулаб конференция.

Республикаялъул 10 шагьаралдаса ва 39 районалдаса кинабниги 120 экологиялда хурхараб хIалтIи букIана гьеб конференциялде халгьабиялде бачIун, гIинтIамуна 53 докладалъухъ. Гьениб «ГIанди росдал лъел объектазул экологияб ахIвал-хIал», абураб темаялдаса доклад гьабуна нилъер районалъул ГIанди №1 гьоркьохъеб школалъул 10 абилеб классалъул цIалдохъан АхIмад Хизриевас.

Конференциялъул ахиралда киналго гIахьалчагIазе кьуна дипломал.



# РАЦIЦIАЛЪИ-НИЛЪЕР САХЛЪИ

Нилъеда киназдаго лъала 2017 сон-экологиялъул Сонлъун рагIинабун букIин.



Кидаго гIадин районалъул централизованнияб библиотекаялъул нухмалъулев МухIамад ИзмагIиловас ва гьесул хIалтIухъабаз, гьебги хIисабалде босун, гIиссинал экологалги гIахьал гьарун 1 марталъ гIуцIун букIана гьанир ругел школаздаса ва росабалъа рачIарал цIалдохъабигун экологиялда хурхараб тадбир.

Библиотекаялда цере, столазда берцинго рекъезарун лъун ругоан гIалхулги, лъеда гьорлъ рукIунел рухIчIаголъабазулги чияк1абиги. Кьеда чIван бугоан: «2017 сон-экологиялъул Сон» абун хъвараб игIлан, гьединго кьедалда седон рукIана лъималаз кагътил гьарурал к1алк1уч1аби (бабочкаби) биссералъ гьарурал тIугьдул, гьутIби.

Гьениб гIахьаллъи гьабизе рачIун ругоан райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ЖабрагIил Завурбегов, экологиялъул комитеталъул нухмалъулев Лабазан МухIамадов ва учреждениязул хIалтIухъабигун росабалъа вакилзаби.

Гьеб тадбир бачана Болъихъ СОШалъул цIалдохъаби, гIисинал экологал Асият ХIасановалъ ва Саида ХIасанхIажиевалъ .

Гьез бицана РФялъул Президент Путиница гьаб сон рагIинабун букIин экологиялъул Сонлъун. Гьез абуна батIаго гьаб соналъ нилъер планетаялда, районалда, росабалъ гьаризе кколел тадбиразул ва тIабигIаталдехун: гьветI-хералде, рохьазде, хIанчIаздегун ральдалъ рукIунел рух1ч1аголъабазде бербалагьи лъикIаб букIине кколилан.

КIалъазе вахъарав Л. МухIамадовас бицана нилъер районалда, цогидазде дандеккун, иш лъикI букIин экологиялъул рахъалъ. Нилъер районалда промышленниял предприятияби гьечIолъиялъ, рацIа-ракъалъи бараб бугилан абуна гьес гIицIго нилъедаго. Бицана жидедаго, гIун бачIунеб гIелгун цадахъ лъугьун, тIоритIулел рацIа-ракъалъиялъул рахъалъ тадбиразул ва гIисинал экологазул аслияб масъалаялъул. БакI-бакIазде щун гьез хал гьабулилан абуна, рацIа-ракъалъиялъул ахIвал-хIалалъул. Рищни-къул батараб бакIазул суратал рахъун, росабазул администрациязде гьел щвезарулиланги бицана гьес. Гьединго



МухIамадовас бицана хIисабалде босун бугин республикаялъулал заповедниял бакIазде экологическияб десантги бачун ине.

Хадув кIалъазе вахъарав райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Ж. Завурбеговас бицана хIакъикъаталда исанасеб сон экологиялъул Сонлъун рагIинабун бугин ва гьелда хурхун нилъер районалдаги гьабулебги гьабизе бугебги рацIа-ракъалъиялъул хIакъалъулъ. Районалда ругел лъинал чвахулел къулгIабазул сверухълъи, гIорал, лъарал ругел бакIалгун тIабигIат бацIад чIезабизе кколеблъи. Гьадинал тадбирал тIоритIиялъ лъималазул рекIелъ бижулин берцинлъиялде ва рацIалъиялде рокьи.

Библиотекаялъул хIалтIухъаби ГIайшат Жамалудиновагун Ума ГIусмановалъ гIисинал экологалгун цадахъ лъугьун бихьизабуна сверухълъиялда бугеб рищни-къул бакIарулеб къагIида ва гьеб базе кколеб бакI, лъималаз рикIкIана экологиялде хурхарал кочIол рагIаби.

Болъихъ СОШалъул учительница Мадина МухIамадбеговалъул цIалдохъабазги гьенибго майданалда рохьил сипат гьабун, хIутI-хъумуралде, багIараб тIехьалде росарал хIайваназде кинаб бербалагьи букIине кколебали бицана. Хадижат ИзмагIиловалъ гьенибго экологиялда хурхараб рагьараб дарс кьуна продленныяб группаялде хьвадулел лъималазе.

Умумузул гIадаталги цIунун жидерго авалазда рацIа-ракъалъи чIезабулел Дибирова Самзатие, Шамхалова ПатIиматие, ДербишхIажиева ГIайщае, Абакарова ХIалиматие, Абакарова ХIайбатие, Гереева Хадижатие, Якъубова ПатIиматие (Турач) МухIамад Лабазановас кьуна грамотабигун сайгъатал.

Гьединго Муни, Кьохъ, ТIандо, РахатIа, АнсалтIа, Шодрода, Гъодобери росабазул гIисинал экологазеги кьуна грамотаби.

Гьелдаго цадахъ Инхело росдал библиотекарь ГIабдулмажидова ПатIиматие ва Экологиялъул патрулалъул руководитель ИзмагIилова Хадижатиеги кьуна грамотаби.



**П. ЭЛЬДАРОВА.**

23 февраль - ВатІан цІунулесул къо

# БЕРГЬАНА ГЬУДУЛЛЪИ

Дагъал церегІан къоязда районалъул централда бугеб Зубаржат ГІазаевалъ нухмалъи гьабулеб «Чебурашка» ясли-ахалдатІобитІана23 февралалда хурхараб тадбир. Гьеб тадбир гьабизе къачІараб музыкалияб зал букІана шаразгун рагъулал суратаз берцин гьабун.

ТІеренаб мухъги гьабун залалде рагъулаб къаг1идаялъ галиги бахъун, рагъулаб формаги рет1ун рачІуна гьитІичал-васалгун ясал.



ХІалимат ХІажиевналъ гьеб тадбир рагъулаго улбуздехунги лъималаздехунги юссун баркана байрам. Гьелъ бицана лъималаз рикІкІизе ругел ВатІаналде хурхарал кучІдузул, кІиго командаялда гьоркьор гьаризе ругел къецазул.

Гьелъ рагІи кьола гьитІичазе. Цо-цо ккун цереги рахъун ВатІаналде хурхарал кочІол мухъал рикІкІуна лъималаз. Гьениб гьоркьобго ХІалиматица лъималазда бицана 18 сон байдал, гьел армиялде ахІулеблъи, гьениб гьезие малъулеблъи кьвагьдезе, гьенир гьел кинабго рахъалъ лебалалллъун, къвакІараллъун лъадарулеблъи. РакІалде кколин, армиялде араб мехалъ, нуж нилъерго ракь ва ВатІан цІунулелллъун рукІинин, улбулгун учительзабиги рази рукІинин нужедасаян.

Хадуб кІиго командаялда гьоркьор тІоритІана къецал. Командабазда цІаралги рукІана «Десантникал» ва «Морякал». Къецазда гьоркьоб ракІ бацІалъи букІине кколеблъи бицана тарбиячІужуялъ.

ТІоцебесеб эстафетаялда лъимал тІамула, хІатІазе зарядка букІине, пингвиналъул галабигун рилъанхъизе..

Хадусеб-васалазда гьоркьоб иргадулаб къец букІана хехлъиялъул. Цояб рахъалдаса цогидаб рахъалде, цо - цо ккун командаялъул гІахьалчагІи рорчІизаризе кколаан.

Гьел къецазулъ лъималаз гІаздада гьоркь нухда бугеб мина батизабуна, танкалде граната рехана, сас тун, хъущтІун ана разведчикал, гІорхъи бахун, секретниял кагътазда хадур, тушманасул самолеталде граната рехана ва кьвагьизабуна. Кьокъго абуни, гьениб лъималаз бихьизабуна рагъулал хІадурлъиялъулал къецал.

Гьениб гІахьаллъи гьабурай ва кІалъазе яхъарай Болъихъ СОШалъул учительница Хадижат ХІадишалаповалъ лъималазул цере рахъиналъе кьуна лъикІаб къимат ва гьелде тІадеги жубана нилъее щибниги хІинкъи букІине гьечІин, гьадинаб лебалаб ва къвакІараб бачІунеб гІел нилъер бугебгІан мехалъ.

Жюриялъул членал Зубаржат ГІазаевалъ, Хадижат ХІадишалаповалъ, Мадина ГІазаевалъ, ГІайшат Дербишевалъ хІисаб-суал гьабун хадуб, кІиябго команда «Десантникал» ва «Морякал» рагІинабула ращадаллъун.

Цоги нухалъ кІалъазе яхъарай жюриялъул председатель Хадижат НурмухІамадовналъ абуна жидееги улбузеги лъикІаб асар гьабунин жакъасеб тадбиралъян. Бицана гьитІичаз жалго рихьизарураблъи, жакъаго гьел нилъер хьаравулзабилъунги, ВатІан цІунизеги хІадурал рукІиналъул. Жалги улбулги жакъасеб тадбиралдаса цІакъ разилъанин абуна гьелъ.

ХІалимат ХІажиевналъ тадбир къараблъун рагІизеги гьабун, гьитІичал солдатазулаб маршалдалъун музыкалияб залалдаса къватІире ана.

**П. ЭЛЬДАРОВА**





# АДАБИЯТ



## Шамхал Дибиров



***Поэт ва журналист Шамхал Дибиров гьавуна Болъихъ районалъул ГIалахъ росулъ.***

***ЛъугIизабуна Буйнакскиялъул педагогикияб училище, цIалана Москваялъул Литературияб институталда. ХIалтIана Дагъистаналъул телевидениялдаги «БагIараб байрахъ газеталдаги нилъерго районалъул «Коммунизмалде нух газеталдаги.***

***Шамхал Дибировас магIарул ва гIурус мацIалда чанго тIехь бахъана. Г1умруялдаса ват1алъана 2010 соналъ.***

### КЪОКЪАБ ГIУМРУЯЛДА-ДИР КЪОКЪАЛ КУЧIДУЛ

*ТIадагьго, парпадун, роржунел руго*
*Расен меседилал пашманал тIамхал.*
*ТIадагьго, парпадун, лъугIулеб буго*
*БетIергьанас кьураб берцинаб гIумру.*
*ГIодиги, релъиги, рокьиги , кьалги,*
*Кьурабалъ багъулеб магIарул кечIги,*
*Корохъ цо гIаданалъ бакараб цIаги,*
*ЦIер гIадин, лъачIого, биунеб буго.*
*Батила гьелъулги цо хасаб магIна.*
*МагIарухъ раккила батIиял тIугьдул.*

***

***Дун хвараб цо къоялъ, къокъаби гьарун,***
***Къваридал маскаби гьурмадаги ххун,***
***Гьудулзаби дихъе рачIунеблъала,***
***Рецц-бакъ гьабулаго, дун къаникь лъезе.***

***ЛъикIал гьадулзаби, дир рекIел вацал,***
***Цо-цо ккун, кIи-кIи ккун, лъаб-лъабккун рачIа;***
***ЧIаго дун вукIадго. Дун хвараб мехалъ,***
***Нуж рачIинчIониги, дий ургъел гьечIо.***

***

МагIарухъ кечI гьукъараб букIана щакаб заман,
Шамилица буюрухъ кьуна кечI ахIугеян,
АхIизе гIиллабиги гIемерищха рукIарал,
Рагъул корониб къараб къваридаб ВатIаналда.

Гьанжеги цо-цо росулъ кечI гьукъулеб рагIула,
Рекъоларин кечI-бакъан бусурбанаб халкъалда.
Динги гIилладуй бачун, бече гIадал жагьилаз
Жидеего бокьухъе бекьулеб буго чIанда.

Дица, радал вахъидал, цо чанго кечI ахIула,
АхIун хъизан-лъималгун лъикIаб сухIмат гьабула,
Гьеб ихтилат щуцIулго лъалхъизабизе ккола,
КечIги какги, къвалги бан, вацал гIадин, рукIуна.

### КЪ . КЪУРБАНГIАЛИЕВАСЕ

***Къучраб росу бакьулъа бихьинчи КъурбангIали,***
***ГIадамазе кидаго кумекалъе ватула***
***Таги мун бетIергьанас талихIаб гIумруялда,***
***ГIаданлъи, яхI-ничалъул щулияб хIуби гIадин.***

***ГIумру чвахулеб буго, чабхилъа ицц кинигин,***
***Кидаго абулаан ХIамзатил Расулица,***
***РекIел бечелъи гIадаб хазина тIокIаб гьечIин.***
***Гьеб хазина нижее бикьулев дуй баркала.***

### Фазу ГIалиевалде

*Фазу, гьанже сардал халалъун руго,*
*Хех гьабун къокъунел къоялги руго.*
*Ратуларо аскIор Мусагун Расул,*
*Рохелгун къварилъи гьелгун бикьизе.*

*Фазу, меседалда хIарщ рекIунаро,*
*РекIелъе риччаге къватIул далилал,*
*Дур кIодолъи лъазе гIун гьечIо жеги*
*Жагьилаб, бакъвараб, бащдаб Дагъистан.*

### ИНСУЛ РОСУЛЪ

Дун щвечIеб росу гьечIо Дагъистаналда,
Дун вахинчIел мугIрулги гIемерал хутIун гьечIо
Халатал нухалги тун, инсул росулъе щведал,
Рокьи ккарав чи гIадин, гIашикълъун хутIула дун.
Хабал рихьула ссанда…Сонал роржунел руго,
Росуцоязул занал чангоялъ цIикIкIун руго.
ЦIарцин дида лъаларел лъимал рачIана данде:
РакI хехдарун кIутIана-кIодолъун буго росу.
РикIкIад вугеб мехалъги макьилъ дихъе бачIунеб,
ЧIалгIун, балагьун буго дир гIадатиябго рукъ.
ГIела, дун тIад вуссана, тIаса лъугьа кватIунин,
Кибго дандчIвачIо дида дур гIадаб хинлъи ва хинкI.
Хадуб, кватIараб гIужалъ, кепалда гьалбалги тун,
Тирулев вуго магъилъ, пикрабаз бетIерги цIун.
Борхалъуда бихьула жеги дун щвечIеб мегIер,
Ахалъуда бихьула жеги дица течIеб нух…

### УРГЪЕЛ БИКЬИ

**Расул ХIамзатовасе**

***Ахир заман щвезе щиб хутIун бугеб?!***
***Балагье-балагьаз цIун буго дунял:***
***Доба-гIорцIаразул гIагIади гьура,***
***Гьаниб-ракъаразул къваридаб гIоди.***
***ГIадаллъизе гьанже щиб хутIун бугеб?!***
***Хераз гIолохъаби руго рукъулел,***
***Къадруялда руго ццулъарал цIогьал,***
***ЦIаруе чIухIарал кIалгIаби ралел.***
***Росдал годекIаби чIунтулел руго,***
***ЧIахI-хералъ хабалал рацунел руго.***
***Бице, дир Дагъистан, щиб дуй лъугьараб,***
***ГьадигIан къокъидго къадру билизе?!***
***КъватI цIурал гIадамалълъ цо гьими гьечIо,***
***Цциналъгун ургъелаз цIун руго гьурмал.***
***Гьалищ дол гьайбатал дагъистаниял,***
***Гьазулищ гьардолел чорокал лъимал?***
***Лъим гIадин, чвахулеб заманаялъулъ***
***Зулму цIикIкIун буго, цIоб дагьлъун буго.***
***Даруго гьечIебищ гьал унтабазе,***
***Бице, кIудияв вац, ХIамзатил Расул?!***

### КIИГО КЬЕР

**МухIамад-султIан Шахтамановасе**

ГIадамал рихине дир азарго гIилла буго;
ГIемер къварид гьавуна гьезул нахъегIанлъиялъ,
ХъахIбаял гьудулзабаз, гьезул загьруял мацIаз,
ЧIегIерал жахIдачагIаз, чалухал хIелхIелчагIаз,
ХIелкил гIамалги босун, гIадада гIегIедулез
ГIадамцин вихьулареб цо бакI букIарабани,
Бищилаан гьеб тIаса, ТIад вугесе рецц гьабун.
ГIадамал рокьизе дир-азаралда цо гIилла,
ГIажаиб гьавула дун гьезул тIадегIанлъиялъ,
ТIокIкIараб ицц гIадинаб, гьезул гIакълудул нуралъ,
ГIазу гIадин бацIцIадаб, гьезул сахаватлъиялъ,
Сабруялъ, гIаданлъиялъ, гIорхъи гьечIеб захIматалъ,
ЗагIипазде рахIмуялъ, хIалихьатазде цциналъ.
Циндаго ракIги кьватIун, тIепилаан дун ракьулъ,
Рокьулел гIадамалги гьечIого хутIун хадув
Хасаб гIилла батила гIумрудул балъголъидулъ-
БетIергьанас кIиго кьер кьун буго нилъей, гьудул.

### ХIАЖИМУХIАМАДИДЕ

***Мун гьаб дуняланде вачIана ихдал***
***ТалихIалъул бакълъун, ихдалил тIегьлъун.***
***ТIубана дир анищ, амма ургъелал***
***рещтIана рекIелъе рохелгун цадахъ***
***ЦебечIана дуца тезе кколеб нух,***
***Хиялазулъ дуде щурана амру:***
***Аваданлъи бикье-гьеб камуралгун,***
***Кидаго къуркьуге къварилъабазе***
***Къарумлъун вукIунге, кье гIадамазе***
***Дурго бугебщинаб барахщичIого:***
***Мунго вакъун вукIун, вакъарасе-чед,***
***Мунго къечон вукIун, къечарасе - лъим.***
***Къадруяв инсул цIар чIаго гьабурав,***
***Гьаб гIумрудулъ щивлъун мун вахъаниги,***
***Воре, тIадмагIарул яхI-намус цIуне,***
***ЦIодорлъи, гIаданлъи гIадатлъун гьабе.***
***Гьайбатал умумуз ирсалъе тарал***
***Хазинаби дуца гьарзалъизаре***
***Гьеб мехалъ вукIина мун дир гуревги***
***Дагъистаналъулго божарав васлъун.***

**Приложение**
**к письму № 12-07/175-BJ1 от 17.01.2017г.**

***«06 оповещении населения»***

## ПРАВИЛА БЕЗОПАСНОГО ИСПОЛЬЗОВАНИЯ ГАЗА В БЫТУ

Газ на кухне - привычное дело. Мы настолько к нему привыкли, что зачастую не думаем о том, что неправильное обращение с газовым оборудованием может привести к трагедии. Закрытые шиберы, обратная тяга, закрытые форточки во время работы газовых приборов, самовольная замена газовых приборов, допуск к их ремонту мастеров «с улицы» - все это приводит к печальным последствиям. С начала 2015 года на территории Дагестана из-за нарушений правил безопасности произошло 11 несчастных случаев. 23 человека пострадали, 11 из них погибли. А ведь подобных несчастий можно было избежать...

**Что же нужно делать, чтобы обезопасить себя и своих близких?**

***1.Строго соблюдать элементарные правила безопасного использования газа:***

- перед включением газового оборудования необходимо открыть форточки;
- нельзя пользоваться неисправными газовыми приборами;
- нельзя спать в помещениях, где работает газовое оборудование;
- нельзя обогревать помещение с помощью газовых плит.

Еще одно важное правило - необходимо постоянно проверять тягу в дымоходе. А при появлении запаха газа незамедлительно вызывать аварийную газовую службу по телефону 04 (с мобильного 040).

***2. Содержать газовое оборудование в надлежащем техническом состоянии. Для этого необходимо заключить договор на техническое обслуживание газового оборудование со специализированной организацией, специалисты которой имеют все необходимые лицензии и допуск на выполнение газоопасных работ.***

Наличие этого договора у абонента не только залог безопасности, но и требование законодательства (Постановление Правительства РФ от 21.07.2008 г. № 549). В случае отсутствия договора о ТО ВДГО газоснабжение жилого дома (квартиры) может быть приостановлено.

Согласно договору специалисты газораспределительной организации выполняют комплекс работ. Он включает в себя: проверку наличия тяги в дымоходе и вентканале, плавности вращения кранов, их разборка, очистка, смазка (при необходимости). Специалист также проверяет все соединения на предмет их герметичности, а при обнаружении утечки газа немедленно ее устраняет. При необходимости прочищает горелки от сажи и других загрязнений, регулирует горение газа на всех режимах работы, проверяет работоспособность автоматики безопасности, делает запись в абонентской книжке.

***Заключить договор о ТО ВДГО потребителям газа с Ботлихской райгазовой службой, расположенной в с.Ботлих.***

***Для заключения договора при себе необходимо иметь: паспорт, свидетельство о праве собственности и абонентскую книжку.***

## ГАЗОВАЯ ПЛИТА



Перед включением газовой плиты откройте форточку.Проветривайте духовой шкаф перед зажиганием горелок.

Не устраняйте самовольно неисправности в плите, отключите газ и вызовите мастера газовой службы.

Не оставляйте работающую газовую плиту без присмотра.

Не соединяйте трубу кухонной вытяжки с вентиляционным каналом.

Не пользуйтесь вытяжкой, если форточка закрыта и в помещении работает прибор, присоединенный к дымоходу (газовая колонка, котел).

---

## ГАЗОВАЯ КОЛОНКА



Перед включением колонки откройте форточку и проверьте тягу в дымоходе.

После розжига колонки снова убедитесь в наличии тяги в дымоход.

Не пользуйтесь колонкой с неисправной автоматикой безопасности.

Не разрешайте пользоваться колонкой и другими газовыми приборами детям и лицам в нетрезвом состоянии.

Почувствовав запах газа, немедленно прекратите пользоваться колонкой и обратитесь в газовую службу.

---

## ГАЗОВЫЙ КОТЕЛ, ПЕЧЬ




Перед розжигом котла не забудьте открыть шибер-заслонку дымохода.

Проверяйте тягу в дымоходе перед розжигом отопительных приборов и во время их работы.

**Форточка во время работы котла (печи) должна быть открытой.**

Следите за состоянием дымохода: разрушение кладки, попадание в него посторонних предметов могут стать причинами нарушения тяги и скоплению в помещении угарного газа.

Неблагоприятные погодные условия, обмерзание оголовок дымохода также могут привести к нарушению тяги.

Подготовьте газовое оборудование к работе в зимний период. Проверьте состояние дымоходов и вентиляционных каналов; окрасьте и закрепите газопроводы; загерметизируйте вводы всех коммуникаций через фундаменты зданий во избежание проникновения газа в случае повреждения подземных газопроводов.

Для устранения неисправностей вызовите слесаря.

**Уважаемые потребители газа! Будьте бдительны! Соблюдайте правила безопасности при использовании газа!**

**Отдел безопасности, гражданской обороны и чрезвычайных ситуаций АМР «Ботлихский район»**

## 23 ФЕВРАЛАЛДА ХУРХАРАБ ТАДБИР

ВатIан цIунулесул Къо кIодо гьабураб тадбир тIобитIана 22 февралалъ районалда бугеб рагъулаб городокалда. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаев, хIинкъигьечIолъиялъул рахъалъ бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибиров, райадминистрациялъул аппараталъул нухмалъулев Руслан ХIамзатов, районалда бугеб МФЦялъул директор МухIамадкамиль ХIажиев.

Тадбир рагьана 25908 рагъулаб часталъул командир Ян Оленинница рагъулаб хъулухъ гьабулезда байрамги баркулаго.

Райадминистрациялъул, депутатазул корпусалъул, районалъул гIадамазул ва жиндирго рахъалдаса рагъухъабазда ВатIан цIунулесул Къо баркун кIалъай гьабуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасги.

-Жакъа нилъеца кIодо гьарулел руго кигIанги захIматаб, амма къадру-къимат тIадегIанаб махщел-ВатIан цIуни, тIаса бищарал киналго. Жакъа Россиялда гIуцIулеб буго даража тIадегIанаб, бокьараб къватIисахун бугеб ахIуе жаваб кьезеги, ВатIаналъул цолъи цIунизеги халкъалъул хIинкъигьечIолъиги цIунизеги бажарулеб цIияб армия. Божарав вуго хадубккунги нужеца Россиялъул рагъулал къуватазул мухъилъ ракIбацIцIадго ва жавабчилъигун хъулухъ гьабизе букIиналда ва гIун бачIунеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул рахъалъ мисалиялллъун рукIиналда.

Гьарула нужее ва нужер хъизамазе сахлъи, талихI, рекъел ва икъбал,-ян абуна районалъул бетIерас.

Гьелдаса хадуб рецц-бакъалъе мустахIикъал рагъухъабазе гьес кьуна баркалаялъул кагъталги.

Районалъул гьелго вакилзаби гIахьаллъараб байрамалъулаб тадбир тIобитIана "Къохъ" КППялда хъулухъ гьабулеб бугеб МВДялъул Марий-Эл республикаялъул сводныяб отрядалъулалгун.

Гьез гьабулеб хъулухъалъухъ районалъул бетIерас кьуна кIудияб баркала ва гьарана гьезие лъикIабщинаб.

Гьединго районалъул нухмалъиялъе кIудияб баркала загьир гьабуна гьеб отрядалъул командир Евгений Николаевас жидедехун бугеб лъикIаб бербалагьиялъухъ.

## ЗАСЕДАНИЕ ТIОБИТIАНА

Райадминистрациялда 20 февралалъ тIобитIана АТКялъул (антитеррористическая комиссия) иргадулаб гуреб заседание. Гьеб рагьана ва бачана районалъул бетIер АТКялъул председатель МухIамад ПатхIулаевас. ГIахьаллъана районалъул прокурор Жамал ЖабрагIилов, РФ УФСБялъул Болъихъ бугеб отделалъул начальник Муртуз НурмухIамадов, РФялъул МВДялъул Болъихъ бугеб отделалъул начальник Багьадур МухIамадрасулов, Панди росдал администрациялъул бетIер ХIажи ПабдулхIамидов. Гьеб заседаниялда гьоркьоб лъун хал гьабуна ГIанди букIараб антитеррористическияб операциялъул хIасилазул. Гьелъул къокъабго информациягун кIалъазе вахъарав ОМВДялъул начальник Багьадур МухIамадрасуловас абуна гьаб соналъул 8-17 февралалъ ГIандиб букIараб КТОялъул хIасилалда батун бугин НВФялъул (незаконное вооруженное формирование) членазул, жаниб ярагъги рукIа-рахъиналъе шартIалги ругеб 3 блиндаж, абун.

УФСБялъул начальник Муртуз НурмухIамадовас данделъаразул кIвар буссинабуна экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялде данде халкъалда гьоркьоб, хасго школазда, хIалтIи гьабизе ккеялде ва гьеб хIалтIи цебетIеялъе «интернеталдаса» пайда басизе ккеялде.

Гьеб суалалда хурхун ГIанди росулъ гьабулеб хIалтIул бицана гьеб росдал бетIер ХIажи ПабдулхIамидовасги.

Заседаниялъул хIасил гьабулаго АТКялъул председатель МухIамад ПатхIулаевас чара гьечIеблъун рикIкIана киналго властаялъул структурабазулги диниял церехъабазулги гьеб рехсараб суалалда сверухъ гьабулеб хIалтIи цадахъаб букIине кколеблъи. Заседаниялъул ахиралда щиб, лъица ва кида гьабизе кколеб бихьизабураб хIукмуги гьабуна.

**Ж. АХIМАДУДИНОВА.**

## РОХЬАЛ ЦIА ККЕЯЛДАСА ВА БИКЪА – ХЪАМИЯЛДАСА ЦIУНИ -ЩИВАСУЛ НАЛЪИ

Нилъер пачалихъалъул халкъияб бечелъилъун ва цIакъго къиматаб гьечIого гIолареб хъазиналъун ккола рохьал.

Халкъияб магIишаталъеги тIолабго тIабигIаталъеги буго рохьазул бергьун кIудияб кIвар, щай гурелъул рохьаз ракь цIунула,ччукIелаздасангун бихха-хочун иналдаса,цIакъго кIудияб квербакъи гьабула ракьулъ регьел цIуниялъе, иццазул, лъаразулгун гIоразул ва хIатта ралъадазулги лъим цIикIкIинабиялъе.Гьелдаго цадахъ бацIцIад гьабула инсанасги щибаб рухIчIаголъиялъги гIумру гьабиялъе бищунго чара гьечIого хIажатаб гьава.Гьединго рохьалъ гIумру гьабула батIи-батIиял ва рикIкIен гIемерал гIалхул хIайваназ;
хIинчI – гьедоялъ ва цогидалги рухIчIаголъабаз.Узухъда; гьелги ккола улкаялъулги халкъалъулги бечелъилъунги нахърателалъулаб хъазиналъунги.

Балъголъилъун кколаро, рохьал гьечIони, мина рукъалъеги цогидал хIажалъабазеги цIулги букIунареблъи.

Болъихъ лесничествоялда ругел ГIахьвахъ , Болъихъ ва Гумбет районал рохьазул рахъалъа абуни, мискинал руго. Гьединлъидал гьоркьоса къотIичIеб ва къойилаб кIвар кьезе ккола районазул, росабазул тIолалго захIматчагIазги бичIчIи бугевщинав чиясги рохьал цIа ккеялдаса, бикъа – хъамиялдаса цIуниялде, гIезариялде, цIикIкIинариялде.

Жиндир гъалатIалдалъун рохьоб цIа ккани, гьев чиясда тIад уголовнияб тамихI гьабула ва рохьалъе ккараб зарал, киналго, гьениб цIа свинабулаго ккарал расходал, гьев чиясда тIад лъола.

ЦIа рохьил тушман буго,цIаялъ рохьалъе кIудияб зарал гьабула гIисинал гъутIби, рохьор рукIунел рухIчIаголъаби рухIула ва гьединго гьоркьо – гьоркьор чIахIиял гъутIби, рохьги бухIула.

Гьединлъидал, газета гьоркьоб ккун, лесничествоялъул нухмалъулез ва хIалтIухъабаз кутакалда гьарулеб буго районазул ва росабазул бутIрузда, жамагIатазда, районазул ва росабазул гIисинал гIелазда, гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIаби гьареян, рохьоб цIа ккеялдаса цIодорго рукIаян.Болъихъ лесничествоялда цIаялдаса хIинкъи
бугеб заманалъул чIезабун буго тIоцебесеб апрелалдасан 30 аб. ноябрялде щвезегIан заман.

Рохьоб кIкIуй ва цIа бихьарав чияс росдал,районалъул администрациялде ва рохьил хIалтIухъабазда хехго лъазабизе ккола, лесничествоялъул 2-20-62 номералде ахIизе ккола.

Рохьал бикъа-хъамиялъул рахъалъ абуни, цо кубометр, ихтияр гьечIого рохьоб цIул къотIани бахъине бихьизабун буго 21115 гъур.гIарац.

**М. МУХIАМАДХIАЖИЕВ.**
**Болъихъ лесничествоялъул нухмалъулесул заместитель**

## ВНИМАНИЕ

***В связи с наступлением пожароопасного периода, во всех лесах района***
***ЗАПРЕЩАЕТСЯ:***

**1.**Разводить костры – в сосновых лесонасаждениях, на горельниках, на участках поврежденных ветровалом, снеголомом, на лесосеках с оставленными порубочными остатками и верхушками деревьев, в местах с сухой травой, а также под кроной растущих деревьев или вблизи дерева и других опасных местах.

В остальных местах разведение костров допускается на площадках очищенных до минерального слоя почвы и окаймленных окопанной минерализованной полосой шириной не менее 0,5 метров. По истечении надобности – костер должен быть тщательно потушен и залит водой или засыпан землей.

**2.**Бросать горящие спички, окурки и горячую золу в лесу.

**3.**Употреблять при охоте пыжи из легковоспламеняющихся или тлеющих материалов.

**4.**Оставлять примасленный или пропитанный бензином, керосином или др.горючими веществами обтирочный материал.

***За несоблюдение Правил пожарной безопасности в лесах предусмотрена материальная, административная и уголовная ответственность:***

*Статья 8,32 Ко АП РФ.* **Нарушение правил пожарной безопасности в лесах.**

За нарушение правил пожарной безопасности в лесах - влечет наложение административного штрафа:

на граждан в размере от 1500 до 3000 рублей;
на должностных лиц в размере от 10000 до 20000 рублей;
на юридических лиц от 50000 до 2000000 рублей

***Статья 261 УК РФ.*** **Уничтожение и повреждение лесных насаждений**

**1.**Уничтожение и повреждение лесных насаждений , и иных насаждений в результате неосторожного обращения с огнем или иными источниками повышенной опасности--наказывается штрафом в размере до 400 тысяч рублей или в размере зарплаты или иного дохода осужденного за период до 18 месяцев, либо исправительными работами на срок до двух лет, либо лишением свободы на срок до двух лет.

**2.**Уничтожение и повреждения лесных насаждений и иных насаждений путем поджога, иным общеопасным способом либо в результате загрязнения или иного негативного воздействия.

-наказывается штрафом в размере от 250 тысяч до 400 тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до двух лет, либо лишением свободы на срок до пяти лет со штрафом в размере от 100 тысяч до 300 тысяч рублей или в размере зарплаты или иного дохода осужденного за период от одного месяца до одного года либо без такового.

***УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ!***

**ПРОСИМ СОБЛЮДАТЬ**
***«ПРАВИЛА ПОЖАРНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ В ЛЕСАХ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ !»***
**(ГКУ «Ботлихское лесничество», Комитет по лесному хозяйству РД )**

ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**

**Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив**

**учредители:**

**Ботлихская районная администрация и коллектив редакции**

БетIерав редактор

***ГI. ГI. ГIумаханов***

Отделалъул редакторал

**П. Дибирова**
**А. Агъларов**

**Мухбирзаби**

***З.МухIамадова***
***М. ГIумаханова***

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
***Ш.Муртазалиев***

*Индекс: 368970*
*Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Школалъулаб къватI*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*гIаммаб 2-20-37*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багьа-6 гъурущ*

*Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ*
*Газета кьабуна 20.00*

*Заказ № _____*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ*

*№ 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

# СПОРТ. СПОРТ. СПОРТ

## РАЙОНАЛДА ТIОЦЕЕСЕЙ



26 февралалда МахIачхъала шагьаралда тIобитIараб лъималазда гьоркьоб каратэялъул рахъалъ къецазда 2 бакI ккуна нилъер районалъул Муни росдал гьоркьохъеб школалъул 2 классалъул цIалдохъан МухIамадова Марьям ГIумарасхIабовналъ.

2020 соналъ Олимпиялъул хIаязде гьоркьобе унеб каратэялъул гьел къецазде гьитIинай спортсменка хIадурана Кьохъ ДЮСШялъул тренер НурмухIамад НурмухIамадовас.

Баркула Марьямида ва гьелъул тренерасда гьеб бергьенлъи, гьарула сахлъиги спорталъулъ жеги чIахIиял бергьенлъабиги.

**Н. Дибиров, Кьохъ ДЮСШялъул директор.**

## ТIОЦЕБЕСЕБ БАКI БОЛЪИХЪ ДЮСШялъухъ

22 февралалда Болъихъ тIобитIана волейболалъул рахъалъ ясазда гьоркьоб районалъул чемпионат.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна АнсалтIа, Болъихъ ва Кьохъ росабазул тIаса рищарал командабаз.

***ГIахьаллъи гьабуна 30ясдаса цIикIкIун спортсменкаялъ.***

1 бакIалде бачIана Болъихъ ДЮСШ

2.бакI -АнсалтIа ДЮСШ

3 бакI- Кьохъ ДЮСШ

Тадбир гIуцIана лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъ. Аслияв судья ГIумаров АхIмад.

Бергьаразе кьуна грамотаби ва дипломал.

## БОЛЪИХЪ КОМАНДАЯЛЪЕ КIИАБИЛЕБ БАКI

25 февралалда Хунзахъ районалъул спортивияб комплексалда тIобитIана ясалазда гьоркьоб волейболалъул рахъалъ Дагъистаналъул зоналияб первенство. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Хунзахъ, ЦIумада, ГIахьвахъ, Унцукуль ва Болъихъ районазул командабаз.

ХIаязул хIасилазда Болъихъ районалъул команда бачIана кIиабилеб бакIалда.

Гьединго гьезие щвана марталъул ахиралда тIобитIизе бугеб Дагъистаналъул первенствоялда гIахьаллъи гьабизе путевкаги.

## 23 ФЕВРАЛАЛЪУЛ ХIУРМАТАЛДА

ВатIан цIунулесул къоялда хурхун, 23 февралалда Болъихъ тIоритIана волейболалъул къецал росабазул командабазда гьоркьоб.

Турнир тIобитIана физкультураялъулгун спорталъул, гIолилазул ишал тIураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъиялда гьоркь.

Тадбир рагьулаго отделалъул начальник Темирхан Дибировас районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасул цIаралдаса баркана киназдаго ВатIан цIунулесул Къо.

Гьединго кIалъазе рагIи кьуна АнсалтIа ва РахатIа росдал бутIрузе.

ГIахьаллъи гьабуна анкьго командаялъ. АнсалтIа, Болъихъ, Зило, Муни, РахатIа, КIижани, Кьохъ. Финалалда дандчIвана РахатIа ва Муни командаби. ТIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Муни росдал команда, кIиабилеб бакIалъе - РахатIа ва лъабабилеб бакI босана КIижани росдал командаялъ.

ТIоцебесеб бакI босараб команда мустахIикълъана кубокалъе.

Гьединго бергьарал командаби мустахIикълъана медалазе, дипломазе ва призазе.ГIарцулал сайгъатал кьуна АнсалтIа ва РахатIа росабазул бутIруз.

Спорт цебетIеялъе кIудияб квербакъи гьабулеб буго АнсалтIа росдал администрациялъул бетIер ХIайдарбег ХIайдарбеговас. Щибаб тадбиразуль кумекалъулаб квер бегьула гьес. КIудияб баркала загьир гьабизе бокьун буго гьесие.

**Л.Лабазанов,**
**АнсалтIа ДЮСШялъул директор**

## «ЛАГЪУР» ЧУЯЛ ТIАМИ

Нилъер районалдаса ва Чачан республикаялдаса лъебералда ходуб чуялъ гIахьаллъи гьабураб тадбир тIобитIана ГIанди «Лагъу» майданалда. Гьеб тадбир тIобитIана ГIанди росдал администрациялъул ва гIолилазул хIаракатчилъиялда.

Тадбир рагьулаго, киназдаго байрамкъо баркун администрациялъул бетIер ГIабдулхIамидовас абуна санайилго 23 февралалда «Лагъур» чуял тIами гIададтлъун лъугьун бугилан ва чуял тIами кколин чуязда ва гьезда тIад рекIарал спортсменазул гьунармахщелалъухъ балагьизе щвей гуребги, нилъер умумузулго гIадатал цIуниги ходур рачIунел гIелазухъ гьел гIадатал, кIочене течIого, кьейги,-ян

Чуял риччана лъабго партиялда: тIоцебесеб партиялда бергьана гьагъадерил чу, кIиабиледа-ГIанди росулъа чу ва лъабабилеб партиялда-Чачан Республикаялдаса чу. Бергьарал чуязе кьуна грамотабигун кубокал ва гIарцулал шапакъатал.

Гьединабго чуял риччаялъул тадбир «Лагъуб» тIобитIизе буго Халкъазда гьоркьосеб байрам-8 март кIодо гьабун Гъагъалъ росдал администрациялъ ва жамагIаталъ.

## СОЦИАЛИЯЛ ХIАЛТIУХЪАБАЗУЛ ТIАДАЛ ИШАЛ

Редакциялде суалал рачIунел руго социалиял хIалтIухъабазул тIадал ишал цIехон.

Гьел суалазе жаваб кьолеб буго социалияб хъулухъалъул рокъоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ отделениялъул заведующая Сакинат Абакароваль.

Законалда рекъон социалияв хIалтIухъанасда тIадаб буго:

кванил нигIматал, дараби, рукъалъе чара гьечIого хIажатаб къайи живго пенсионерасул гIарцухъ босун, рокъоб щвезабизе. Гьединго росун рокъор щвезаризе ккола гурхIел-рахIмуялъул кумек хIисабалда рачIарал нигIматалги. Кьезе ккола коммуналияб хъулухъалъухъ гIарац, живго пенсионерасул яги инвалидасул гIарцудасан. Чуризе ккола бусен-къайи. Гьеб чуризе ккола жиндир хъулухъ гьабулесул рокъоб гьесул сапун-порошокалдасаги токалдасанги пайдаги босун,

Гьединго тIадаб буго, медициналъулаб кумек щвеялъе, тохтур рокъове ахIизеги унтарав больницаялда, хIажалъи бугони, вегизавизеги.

Мина-рукъалъе, жиндие хъулухъ гьабулесул гIарцухъ ремонт гьабизе чи валагьизе ккола. Кумек гьабизе пайдаял кагътал ругони, гьел хъвазеги, хIажалъи ккарал документал ракIаризеги ккола. Гьабизе ккола квен-тIех. Гьеб гьабула гьезул продуктабазул. Жидедаго кваназе кIолеб гьечIони гьев кваназавизеги ккола.

Жиндир заманалда хисизе ккола бусадул партал. Кумек гьабизе ккола рукъ, бакIабахаризе, рищни къватIибе щвезабизе. Баччизе ккола гIураб къадаралда лъим.

Социалияв хIалтIухъан жинца хъулухъ гьабулесухъе щвезе ккола анкьида жанив кIиго нухалъ.

ТIадехун рихьизарураздаса тIокIал хъулухъал социалиял хIалтIухъабаздаса тIалаб гьабизе рес гьечIо хъулухъ гьабулезул ва руководствоялъул.

**П. Дибирова**